# IX. ХЫЗМЕТЛЕР

2019 жыл январь-мартта базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша көлеми 1226,3 млрд. сўмды қурады, соннан аўыллық жерлеринде 334,2 млрд. сўм ямаса улыўма көрсетилген хызметлер көлеминиң 27,3 пайызын қурады. 2018 жыл январь-мартқа салыстырғанда өсим пәти 116,3 пайызды қурады.

**2019 жылдың январь-мартында базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *млрд. сўм* | *2018 жыл январь-мартқа салыстырғанда пайыз есабында* | *Жәмиге салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| **Жәми хызметлер** | **1226,3** | **116,3** | **100,0** |
| *соннан: хызмет түрлери бойынша:* | | | |
| байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 77,3 | 97,8 | 6,3 |
| финанслық хызметлер | 204,9 | 174,0 | 16,7 |
| транспорт хызмети | 320,4 | 112,3 | 26,1 |
| *соннан:* автотранспорт хызметлери | 172,5 | 101,6 | 14,1 |
| жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери | 37,5 | 102,4 | 3,1 |
| саўда хызметлери | 289,7 | 106,1 | 23,6 |
| көшпес мүлик пенен байланыслы болған хызметлер | 41,5 | 100,3 | 3,4 |
| билимлендириў тараўындағы хызметлер | 71,6 | 126,1 | 5,8 |

| | *млрд. сўм* | *2018 жыл январь-мартқа салыстырғанда пайыз есабында* | *Жәмиге салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| ден саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 13,0 | 100,7 | 1,1 |
| ижара ҳәм прокат хызметлери | 29,5 | 109,5 | 2,4 |
| компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў хызметлери | 37,9 | 101,6 | 3,1 |
| басқа жеке хызметлер | 48,0 | 107,0 | 3,9 |
| архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер | 20,1 | 160,0 | 1,6 |
| басқа түрдеги хызметлер | 34,9 | 101,8 | 2,9 |

Хызметлер курамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 26,1 пайызы), саўда (23,6 пайыз) хызметлерине туўры келди.

Сондай ақ, финанслық хызметлер (174,0 пайыз), архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер (160,0 пайыз), транспорт хызмети (112,3 пайыз) өсим пәти жоқары болды.

**2019 жыл январь-мартта экономикалық хызмет түрлери бойынша базар хызметлери ислеп шығарыў**




2019 жыл январь-март айлары даўамында экономикалық хызмет түрлери бойынша көрсетилген хызметлер улыўма көлеминде транспорт хызметлери ең үлкен үлести ийелеген болып, 320,4 млрд. сўмды қураған, 2018 жылдың тийисли дәўирине (2018 жылда 249,6 млрд. сўм) салыстырғанда 12,3 пайызға өскен, сондай ақ, көрсетилген хызметлер көлеминде саўда хызметлери – 289,7 млрд. сўм (2018 жылда – 116,7 млрд. сўм), финанслық хызметлер – 204,9 млрд. сўм (2018 жылда 116,7 млрд. сўм) ҳәм билимлендириў тараўындағы хызметлер – 71,6 млрд. сўм (2018 жылда – 47,4 млрд. сўм) есабына туўры келди.